Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 14 (9858) 10 апрель 2020 с. /Рузман 16 Шаг1бан 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## РЕШЕНИЕ № 6/169

**08 апреля 2020 г.** **с. Дылым**

**О выборах Главы МО «Казбековский район»**

В соответствии части 1 статьи 5 Закона Республики Дагестан от 08.12. 2015 № 117 **«О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан»**, пункта 2 статьи 28 Устава муниципального района и по результатам голосования, Собрание депутатов муниципального образования «Казбековский район»

**РЕШИЛО:**

Считать избранным на должность главы МО **«Казбековский район»** Мусаева Гаджимурада Гаджиевича – 1979 года рождения, уроженца с. Буртунай Казбековского района, имеющего высшее образование, проживающего в гор. Махачкала.

Опубликовать настоящее решение в газете **«Чапар»** и разместить на официальном сайте администрации муниципального образования.

Настоящее решение вступает в силу с момента его подписания.

**Председатель Г.М. Гирисханов**

## ГурхIел-рахIмуялъул эстафета



Коронавирусалда хурхун, **«Рукъоса, цIакъго хIажалъи ккани гурони, къватIире рахъунге»**,-ян, дандчIваял дагьлъизаре,-ян ТIолгодунялалъул сахлъицIуниялъул гIуцIиялъ лъазабун хадуб, кванил нигIматазда, дарабазда хадур рахъине кIолел рукIаниги, гьукъиялъ жанир хутIизарурал херал, сакъатал, рес гьечIел гIадамазе кумек гьабизе къватIире волонтёрал рахъана. Жалго цIуниялъе тадбиралги гьарун, гьез гIемерал гIадамазул рукъобе хIажатабщинаб щвезабулеб буго.

Гьединго, ресалда ругел гIадамаз рес гьечIезе гIарацги биччалеб буго.

Узухъда, гьеб лъикIаб ишги буго. Нилъеда лъала хIажатазе кумек гьаби киналго диназдаги беццараб букIин. Гьел лъикIал ишал гьарулезда гьоркьор руго нилъер гIадамалги.

Гьедин, 6 апрелалда **«Казбек районалъул гIолилал»** РДООялъ ва гурхIел рахIмуялъул **«Инсан»** фондалъ Дилим росулъ тIобитIараб акциялда (рес гьечIел хъизабазе) щвезаруна кванил нигIматал.

ГIолилазул активалъ кумек гьабиялъул эстафета Гуни ва Ленинаул росабазул гIолохъабазе кьуна.

## Короновирусалда хурхун,..



Ахирияб заманалда, гьоркьобкъотIи гьечIого, бицунеб буго Китаялдасан бачIараб, гьабсагIаталда жиндие хасаб дару гьечIеб, **«коронавирус»** абураб унтиялъул. Гьеб баккараб заманалда гьелде кIудияб кIварго кьолеб букIун батиларо, амма гьеб хехго тIибитIизе ва гьелъ хвезарулезул къадар цIикIкIине байбихьараб заманалда китайцазда бичIчIана иш кибе ккезе бегьулебали. Гьез хехал тадбирал гьаруна унти гIодобе къазабиялъе, амма, гьелъухъ балагьичIого, коронавирус тIолабго дунялалдайин абухъего тIибитIана. Гьелъ «кьаби» щвезабурал пачалихъаллъун ккана-США, Югалъул Корея, Италия, Германия, Испания ва цогидалги. Къокъгьабун абуни, 9 апрелалде рукIарал баяназда рекъон, дунялалда гьеб унтиялъ унтаразул 1 млн.



500 азарго чиясде, хваразул - 89 000 ва сахлъаразул - 332 000 чиясде бахана.

Китаялда гьеб бакканин рагIиндал нилъер цо-цо гIадамазда ккана гьеб гьанибе щоларин ва гьелъул нилъер гIадамазе щибниги хIинкъи гьечIин. Хадусан ккарал хисабасияз бихьизабуна хIакъикъат батIияб бугеблъи. Гьаб заман буго цIакъ **«хехаб»**. СССРалъул заманалда хасал гIадамал гурони гIорхъи бахун унарел рукIун ратани, гьанже рес бугелщинал бокьараб бакIалде ине бегьула.

Гьелъин нилъер гIадамазул гIезегIанасеб къадар (унти баккараб заманалда) тIолабго дунялалдаго тIибитIунги букIараб. Россиялде унти бачIараллъунги гьел ккола.

Бичча-бихъан тани, унтиялъ гьабизе бугебги бичIчIун, Россиялъул президентас, хIукуматалъ хехал тадбирал гьаруна ва гьарулел руго коронавирус тIибитIунгутIиялъе.

В.В. Путиница, гьелда хурхун, хасаб Указ бахъана ва гьелъул хIакъалъулъ нижеца газеталда хъванги букIана. Указалъул кьучIалда, республикаялда ва нилъер районалда гIуцIана унтиялде данде тадбирал тIоритIиялъе хасал штабал, чIванкъотIун, рихьизаруна гьаризе кколел хIалтIаби. Гьеб хIалтIиялъулъе гIахьал гьаруна гIемерал гIуцIаби, волонтёрал. Бихьизабураб анкьалъ коронавирусалъул лъикIаб рахъалдехун хиса-басиги ккечIого, В.Путиница 1-аб. маялде щвезегIан рукъор чIезе кколин лъазабуна. ТIубараб моцIалъ щиб гьабизе кколебали, чIечIого, бицунебги хъвалебги буго. Гьай-гьай, гьелда гьоркьор руго нилъер республикаялъулгун районалъул хIакимзаби, тохтурзаби, жавабиял хIалтIухъаби, волонтёрал ва мухъилал гIадамал.

Гьедин, гьал къояз районцоязде И.И. Шабазовас (районалъе нухмалъулесул ишал тIуралев), Р. ГIамиевас (ЦРБялъул бетIерав тохтур) ва ГI. ГIумаровас (тохтур-эпидемиолог) гьарурал хитIабазда бицунеб буго коронавирус районалда тIибитIунгутIиялъе гьаризе кколел тадбиразул, гьелда сверухъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул ва гьелде дандечIеялъе бугеб хIадурлъиялъул.

Коронавирусгун къеркьеялъе районалда г1уц1ц1араб штабалъул бихьизабиялда рекъон,- ц1аккеялде данде къеркьеялъул **«ПЧ-42»** г1уц1иялъ Дилим



росулъ т1орит1ана дезинфекциялъулал х1алт1аби.

Гьединго, Г1али Г1азаевасул ц1аралда бугеб мадрасалда х1адурун буго 50 бак1, жалго жидедаго ч1ун, яшав гьабизе рес гьеч1ел г1адамазе ва районалъул Централияб больницаялда (коронавирусалъ унтаразе) 55 бак1 х1адурун руго. Районалъе нухмалъулез, тохтурзабаз, г1адлу-низам ц1униялъул органаз г1езег1анго х1алт1и гьабулеб буго рехсараб унти баккунгут1иялъе, нагагь баккани, хехго гьеб нахъч1ваялъеги. Амма гьедин гьабулеб бугинги абун, рихьизариял т1урач1ого ч1езе бегьуларо.

Гьеб кинабго нилъер щивасул сахлъи ц1униялъе гьабулеб бук1инги цо параялъ к1очене биччайги такъсирчилъи ккола.

Цо-цо гIадамаз гIемер кIвар кьолеб гьечIо коронавирусалде дандечIеялъул тадбиразде. Гьез **«Аллагьас хъвараладаса нилъ рорчIуларо»**,-ян абула.

Аллагьасги абун буго нужеего гIамал гьабеян. Гьебги кIочене бегьуларо. Унтиялде дандечIеялъе дару гьечIебгIан заманалъ бищунго нилъее **«даруяблъун»** ккола дандчIваял дагьлъизари. Гьел цIикIкIанагIан цIикIкIине руго унтаразул ва унтиялъ гIумруялдаса ратIа гьаруразул къадар. Гьеб кинго биччазе бегьуларо.

**«Умумузго бицунеб батана чIегIераб тIадерахъи (оспа), къавуда (чума) ва вабаъ(холера) унтабаз гIемерав чи заялъизе гьавунин, тIубарал тухумал ракьалдаса тIагIине гьарунин. Гьел унтаби раккараб заманалда, гIадамал рохьазде, нохъазде лъутулел рукIанин ва кIванагIан дандчIваяздаса инкарги гьабулеб букIана»**, - ан бицунаан инсуца.

Бихьулищ, дару гьечIеб унтуе, кIванагIан, цоцаздаса рат1ачIеялдаса лъикIаб щибниги гьечIеблъи. Гьелъ, цIакъго хIажалъи ккани гурони, цоцазухъе хьвади (заманалъ) гьоркьоб къотIизабе, районцоял!

Аллагьас рачIунел балагьаздаса нилъ киналго цIунаги!

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.**

**Росдал маг1ишаталда**

*ГIикъинлъиялъул кампания*

**ЦIализе бегьула - 2 гьум.**

*Мекълъарав херав*

**ЦIализе бегьула 3 гьум.**

*ЦIодорлъи гьабе*

**ЦIализе бегьула 4 гьум.**

**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

Инсан ва гІумру

# КидалъизегІан гьадин рукІинел?

Ахирияб заманалда гІемер бицуна халкъалъул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялда сверухъ гьабизе тІадаб хІалтІул. Бицунеб букІани гурони, гьелда тІад гьабулеб хІалтІи бихьулеб гьечІо, лъица гьабизе кколебалиги лъаларо.

Гьаниб, тІоцебесеб иргаялда, дие бицен гьабизе бокьун буго росдал магІишаталъул хІакъалъулъ.Гьаб заманалда гьелъул бетІергьаби щал кколел? ХІукуматалъ гьелъул тІалаб гьабулеб батани, щайха, доб заманалда гІадин, гьелда хадуб хъаравуллъи гьечІеб? Нилъер умумузул гІетІалдалъун СССРалъул заманалда гІуцІарал колхозал, совхозалги риххун, гьезул кьучІалда гІуцІана,жидеда **«МУП»**,-ан, **«ГУП»**,-ан, **«СПК»**,-ян цІарал тарал ва жидер магІнаго гьабизе лъаларел гІуцІаби.

Умумухъан ирсалъе щварал кинниги,цо-цо гІадамаз гьел жидеего хІалтІизарулелги руго. Бугищ гьелъулъ ритІухълъи? Унго-унгояб къагІидаялда гьел хІалтІулелги гьечІо. Цересел магІишатиял гІуцІабазе пачалихъалъ лъикІаб кумек гьабулеб букІун батани, гьанже гьездехунисеб бербалагьи цІакъ нахъе ккун буго.

Цересел соназ росдал магІишаталъул халалда гьелъул управление букІунаан. Гьанжеги гьеб управление буго,амма гьелъул хІалтІул хІасил щибниги бихьулеб гьечІо. Киса-кибго бицуна халкъалъул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялда тІад хІалтІизе кколин, амма гьелъул **«гьоко»** чІаралъубго буго.

Араб соналъул декабралда Россиялъул Президент В.В. Путиница тІобитІараб пресс-конференциялда рорхарал суалазул бищун аслияллъун рукІана халкъалъул сахлъи цІуниялда, гьанжесеб заманалда рекъараб лъайкьеялда ва рукІа-рахъин лъикІлъизабиялда хурхарал суалал. ГьабсагІаталда бугеб бербалагьи росдал магІишаталдехун бугони,нилъ кванил нигІматалги гьечІого хутІизе бегьула. Кин гІезарулел, сундалъун гьезул къадар цІикІкІинабулеб бугебали лъаларел къватІиса рачІунел кванил нигІматал кваналел руго нилъ. Гьел жидеца гІезарулезулгун гьоркьорлъабалъе **«гьогьен»** рещтІани, щиб гІадамаз гьабизе бугебали лъалев чиги гьечІо. Гьелда тІад ургъизе ккеларищ?

Лъайгун тарбия кьеялъул хІакъалъулъ щиб хъвазе кколебалицин лъаларого хутІун вуго дун, амма гьелда сверухъ гьабсагІаталда бугеб ахІвал-хІал хІехьезеги кІолеб гьечІо. Телевизоралдасан, щиб каналалде вакканиги, бихьизабулеб чІвай-хъвейги, толорал гІадамалги ва цогидаб чороклъи бихьизабулеб бугони, кинаб тарбия кьеялъул бицине бегьулеб? Лъималазул гІемерисел расандабалъги рукІунел руго кьвагьа-гІанхъи ва чІвай-хъвей! ЦІалдохъабаз жидерго гІелалъулалгун гІисинал хІакъи-пакъир гьарулел, гьел мугІалимзабазде тІаде кІанцІулел, хІатта кьвагьдолел ругони, кигІан бицунел рукІаниги,ккезе бугищ тарбия кьеялъулъ хиса- баси?! Гьелда щаклъизе бачІуна. Тарбиялда рекъараб букІинарищ лъай босиги. Умумузул хьами буго: **«Малъизе гурел, малъараб босизе чагІи тІагІаги»**,-ян.

Гьеб хьами гьаб заманалда унго-унгояблъун лъугьун гьечІищ? Школа лъугІун унел гІолилазул лъай гьечІо цересел соназ 7 класс лъугІаразул гІанасебцин.

Гьаб заманалда цІали гьабиялъе ва лъай босиялъе щибниги камун гьечІо. Нижер заманалда, цІалул къо гьоркьоб биччани, рукъореги рачІун, гІакІадуе кьезе гІарац кодоб гьечІони,цо кинаб букІаниги хІажалъи (кини,гІеретІ ва гь.ц.) бахъун унаан ва, гІакІа бецІун гурони, гьеб тІадбуссинабулароан. БичІчІуна доб заманалда лъай бугел гІадамал хІажат рукІараблъи. Гьанже гьел къваригІун гьечІищ? ГьечІел ратани, щай рес бугез, чиновниказ ва гь.ц. жидерго лъимал къватІисел улкабазда цІализарулел ругел? Гьелдасан щиб бичІчІине бегьулеб? Чиновниказ жидерго лъимал нилъеразда тІад рукІине хІадурулел рукІин гуребищ? Бажари бугел ругониги,нилъер лъимал рукІине руго гьезул нухмалъиялда. ГьабсагІат гьеб бичІчІине гьечІо, амма бичІчІараб заманалда кватІунги букІине буго.

В. Путиница жиндирго кІалъаязда гІемер такрар гьабула,кІудиял хъулухъазда ругездасан байбихьун, гІадамазул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялда тІад хІалтІуларел хъулухъчагІи, гІодор чІараб бакІ хинлъизабулел рукІинчІого, нахъе ине кколилан, амма чан хІакимас гьеб гІадахъ босулеб бугеб?

Кинабго бичулебщинаб,дарабаздасан байбихьун, къойидаса къойиде багьалъулеб букІуна,амма гьелде балагьулев чиги вихьулев гьечІо. Спорталда хурхун,гІезегІанго хІалтІи гьабулеб буго нилъер районалда, гьеб лъикІаб хІалтІиги буго. Спорт жиндир профессиялъун гьабула дагьал гІолилаз. Сахлъи цІуниялъе спортгун бухьен гьаби буго бигьаяб иш,гьелде щвезегІан цогидал ишал цойиде ккун ругони. АнцІ-анцІ соназ минаби разе бакІалги,гьабизе хІалтІиги щолел гьечІони, сундул бицине кколеб? Нилъер районалъул росабалъа,тІолабго Дагъистаналдасаго гІадин, гІолилал, яшав гьабиялъе хІалтІи балагьун, къватІирехун унел руго. БакІалъул гІадамал хІалтІулел рукІарал гІезегІанго гІуцІаби нилъер районалда риххана, цІиялги рачІо. Гьанир рукІарал цо-цо гІуцІабиги рахъ-рахъазде гочинаруна. (налогазул инспекция,сбербанк,санэпидстанция ва гь.ц.)

Хал гьабураб заманалда, нилъер гІумруялъулъ цере рукІинчІел гІезегІанго **«гІунгутІаби»** раккун руго. Гьел къезариялда тІад гІураб хІалтІи гьабулебги, гьай-гьай, гьечІо. Жидеда тІадал ишалги кІочон, гІадамал гІарцуда, магІишаталда хадур лъугьун руго. Щивас, жиндасан,жиндир хъизаналдасан байбихьичІони, гІолеб гІелалъул лъикІаб букІиниселда щаклъизе бачІуна. **«БетІер бекилелде къай»**,-ан абула умумуз.

Гьеб къазе цебего заман щун гьечІищ? БитІараб къиматги кьун, квешабщинаб тІагІинабиялда тІад киналго хІалтІулел гьечІони, хІасил лъикІаб букІунареблъи бичІчІине кколеб заманги цебего тІаде щун буго, амма…

Аллагьас лъикІаб хъван батаги!

**Х.МУХІАМАДОВ, захІматалъул ветеран Дилим росу.**

Росдал магІишаталда

# ГІикъинлъиялъул кампания



ТІадбан унеб буго нилъер районалъул магІишатазда гІикъинлъиялъул кампания. Гьеб рахъалъ кидаго цебесеб кьерда рукІана гІакьхъазул **«БагІараб Октябрь»** ва буртабазул **«Хасаевасул ва Къасумовасул»** СПКял. **«Хасаевасул ва Къасумовасул»** СПКялъул хІакъалъулъ араб соналъ газеталда хъван букІана ( № 47. 02.12.2019с. 5-аб. гьум.).

Гьенив вехьлъун хІалтІулев Мустафа АхІмадрашидовгун телефоналдасан ккараб гара-чІвариялда гьес абуна: **«Нижер магІишат гІиял цІияб тайпа гІезабиялда тІад хІалтІулеб буго. Гьелъ рес кьезе буго къо хІехьолеб, гьаналгун квасул рахъи цІикІкІараб гІи гІезабизе.**

**Г1икъинлъиялъул кампания нижер магІишаталда 25 марталда байбихьана. СПКялъул председатель ГІузайри ХІамзатовас, кампания гІуцІараб къагІидаялда нухда иналъе, чІезарун руго киналниги шартІал. Жакъа къоялде (07.04.2020 с.) къинлъана 1200 гІиялъажо. КьагІи цІуниги нижер квеш гьечІо. 100 лемагалда хадуб 105 кьегІер цІунун буго**»,-ян.

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.**

# Баркула!





Алмахъазул **«Нижер рукъ»** г1уц1иялъул, **«Салатавия-Алмахъ»** журналалъул редколлегиялъул члеsназ, т1олабго жамаг1аталъ рак1-рак1алъ баркулеб буго С.-п.Д. ва М.-п.(К-п.)Д. Г1умахановазда гьарурал къоял. Гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъи, рохел, талих1, рек1ел мурадал т1урай ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.

Инсан ва гІумру

# Бихьараб гІакъубалъул бицине хІал гІоларо



Соналдаса соналде дагьлъулел руго КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчагІазулгун тылалда хІалтІаразул къадар. Лъалеб букІахъе, рагъул соназ гІемерал лъимал хІалтІана фабрикалгун заводазда ва росдал магІишатазда. Гьез квербакъана фронт гула-хералдалъунги кванил нигІматаздалъунги хьезабиялъе. Гьединазул цояйлъун йикІана Калининаул росулъа ГІабидат Мусалаеваги.

ГІабидатилгун ккараб гара-ч1вариялда гьелъ бицана:«**Дир 13 сон букІана.Школалде уней дида росдал советалъул председатель дандчІвана. Гьес дун тІадюссинаюна ва абуна Терекалда канал бухъулелъуе ине кколилан. Дида цадахъ рукІарал цо-цоял жакъаги ракІалда руго (Зулайхат, Марзи ва Чегул ХІажи). Гьениб хІалтІи гьабизе киналниги шартІал рукІинчІо. Заманалъе эхетерал баракахъ букІинчІо хинлъи, баракалъул кІиябго рахъалда ракьул гьарурал борхалъабазда тІибитІараб хьотІода регулаан (цояб рахъалда бихьинал ва цогияб рахъалда руччаби).**

**Гьениб бакараб цІадуда тІаде ккураб белалда режулаан мучаригун хинкІал. ТІолабго хІалтІи квераз гьабулаан. Радакье тІаде рахъинарурал гІадамал канлъи къотІизегІан хІалтІулаан. Гьенив вукІана нижее гІагарав Сайдиги. Ниж тІаде рахъинаризе вачІарав чияс гьещтІеро пулаан. Гьеб пуниги Сайди тІаде вахъинчІелъул, гьес Сайдида мал бана. Сайди, гирунги ун, чІабаралде вортана.Гьеб мехалъ лъана Сайди хун вукІин.**

**Дуцаго цебе чІезабе, СалихІ,цІорораб, бицатаб гІазу бараб заманалда тІутІурал галошалъ хІалтІи гьаби. Рукъоса бачІараб цІоросаролъалъул дагьа-макъаб ханжу гурони кваназе щибниги гьечІеб, ратІликъаб заман кинаб букІунареб? Рукъор рукІаралани, гьеб бичІчІине бегьулаан.Амма рорчІизе бакІ букІинчІо, тушман къойидаса-къойиде гІагарлъулев вукІана. РацІцІалъи гьабизе рес гьечІолъиялъ, нацІалъ нижеда тІад ханлъи босун букІана. Гьелъулги тІипадулги гІемерлъиялъ нижер ретІелги къаркъалабиги хъахІаллъун рихьулел рукІана. Терекалдаса тІадюссун ячІунелъулги дида гІезегІанго гІакъуба бихьана. Цадахъ рукІаралгун ятІалъизеги ккун, дунго цохІо хутІана. Амма, ракІалда гьечІого, дагьаб заманалъ цадахълъарал лъикІал гІадамаз нухде ккезаюна. (Гьел дандчІвачІелани, дун рукъое щвезе йикІанадайинцин ракІалде ккола).**

**Гьениса тІадюссун хадуй дун йитІана МахІачхъалаялда гІагарда канал бухъулезул мухъилъе. Гьениб гьекъолеб лъим цІакъ чорокаб букІана.Гьелъул хІасилалда, гьенир гІемерал гІадамал унтана,Алмахъалдаса СагІадатги (ГІабдулатІипил яс) ИсмагІилги гьенир хвана. Цадахъ рукІаразул дида ракІалда руго Узунги ХІалиматги (ГІалибегил эбел).**

**Дол захІматал соназул хІакъалъулъ бицен ккедал дир эбел Месейица абулаан накалда лъун кан,каранда лъун цІул бичІанилан. 30 соналъ дун колхозалда хІалтІана.**

**Каналал рухъиялъулъ хІахьаллъаралъухъги колхозалда хІалтІаралъухъги дие бачІана щуго медаль. ГІумруялъ гьабичІо дицачияе квешлъи,гьелде ругьун гьаруна лъималги.**

**ГІемераб лъикІабги квешабги бихьана дида, дир вас СалихІ. Аллагьас кинабго киридае хъван батаги»**,-ян.

**СалихІ САЛИХІОВ, Гъизилюрт шагьар.**

Евгений Архипенколалдасан таржама гьабуна
М-Шарип ГIабдулашимовас.

# Мекълъарав херав

***Австралиялъул гьитIинабго шагьаралъул херазул рукъов цо херав къадаралде щвараб заманалда, киналго сверухъ рукIаразда ккола гьес жиндир гIумруялъулъ, биценалъе букIине, кинаб букIаниги лъалкIго тун батиларин. Хадусан, гьесул нахъе хутIараб къайи - матахIалъул хал гьабулеб заманалда, медсестрабазда гьелда гьоркьоб батула гьаб къоркьехун рехсараб кечI. Гьелда жаниб бугеб магIнаялъ рихха-хочарал гьез, копияби рахъула ва цоцахъе кьола. Цоялъ кечI Мельбурналде босула... Херасул гьеб васият, гьелдасан байбихьун, цIияб соналде ва психологазе риччалел киналниги журналазда бахъула.***

***Аллагьасдацин кIочарабин абулеб шагьаралда гIумруялдаса ватIалъарав ва гьардухъанлъиялде ккун вукIарав херасул пикрабазул гъварилъиялъ, гьелдасаги гъваридаб магIнаялъ гьеб ц1аларал хIикмалъизе тIамуна.***

**«ТIаде вахъа»,**-ян абун, радал дихъе щварайго,
Дуда вихьулев,унго, щивлъун кколев, медсестра?!
Ругьунаб къаг1идаялъ, кинниса гьеб аниги,
Нухда гIумру тIамулев, цIакъ мекълъарав херав чи.
Кавычкахъ босизе ккараб гIумрудулъ вугев,
ГIабдаллъизе хIадурав, загIипаб канлъи бугев,
ИчIрихъун ахIтIон гуреб, щибго жо рагIунарев,
Квараб кванил багьаяб, пайда жиндаса гьечIев,
Сундаго рекъоларев,къулкъудулев вукIунев.
**- КидалъизегIан - гьадин?!Бекана суркIа! ВуцIа!**
**Кир хьитал,цояб щвата?! КигIаналъ гьаб-букIинеб?!**
**Ахиралда хутIарав, эбел гIодаяв герой!**
**РещтIа кроваталдаса, хвезе мун кватIугеяв...**
Сестра ялагье, кIваркьун, дир беразде жание...
Дир гьаб загIиплъиялде, чорхолъ бугеб унтуде,
Дица тараб халатаб,захIматаб гIумруялде,
Ицалъ кванан лъугIунеб басрияб пиджакалде,
БукIкI-букIкIараб тIомоде, хIалалъ цIалеб хIухьладе,
Гьаб жакъасеб къоялъул гIорхъоца бахчаралде,
Нахъехун ккун вугев дун вихьизе гIамал гьабе!
Дун-вас-хирияб лъимер цо хIалалда чIоларев,
Цодагьалъго кIарчамав,гIемер вохун вукIунев,
ГIезегIанго хIинкъулев,щуго сон гуреб гьечIев,
ГIодобгIанаб карусель цIакъ борхатго бихьулев.
Дида цадахъ кидаго,гьале,эбел я эмен,
Гьезухъ балагьун -дунги рекIун чIолеб балаялъ.
НахъчIвазе щибго хIинкъи кIолареб бугониги,
Амма лъала, ракIчIунго, дун вокьулев вугеблъи.
Дир-анцIила анлъго сон... Дир цIа цIикIкIунеб буго,
ЦIикIкIунисеб заманалъ ракIги зодиб букIуна.
Дун вукIуна анищалъ, вохун,цо-цо пашманлъун,
Вуго дун гIолохъанлъун, вуго рокьуде хьулгун.
Гьале,талихIаб пара! Щвана къоло микьиде!
Дун-бахIарав ва жакъа дие магьари лъуна.
БукIинисеб лъикIалда щаклъи щибниги гьечIо,
Дир чорхолъ бугеб цIаги жеги цIикIкIунеб буго.
Лъеберalда щуго сон тIубана, гIуна хъизан.
Буго гьеб бечедаблъун дий гьарурал васаца.
Буго мина, магIишат. КватIичIого лъадиялъ,
Дие, жиндихъ урхъарай, ясги гьайизе йиго.
Боржунеб буго гIумру, хехлъиялда, цебехун,
ГIуна дир гIумруялъул кIикъоялда щуго сон.
ГIун рачIана лъималги,щибго дида лъачIого,
(РасанкIабие ва школа, цинги хадуб институт!)
Тана гьез рехун рукIун, роржана рахъ-рахъазде.
Зодил горалъул тири, лъалаго, дагьлъун ана,
Нижер санагIатаб рукъ тIубан чIобоголъана.
Гьанже дунги лъадиги нижго цохIо хутIана,
Ниж регула-рахъуна, цадахъ, цого заманалъ.
РекIелъе лъугьинелъун, пашманлъи тIад баччани,
Лъадиялъ гьеб нахъчIвала къокъабго заманалда.
Нахъеги заман буго цебехун боржун унеб...
Гьале,хъахIлъана бетIер, тIубана лъабкъого сон.
Лъимал руго цIидасан дир рукъор хъуй-хъаялда,
Лъималазул лъималаз буго гьеб кодоб босун!
Огь, нижей кьураб талихI! Амма гьеб халалъичIо,
Ана сСун бакъул канлъи, хирияй тIокIалъ гьечIо.
Сундуйги бугеб гIорхъи, бихьулареб чIезабун...
ИнчIо анкьил къоялцин, дун тIубанго хъахIлъана,
Дир рухI буго гIодобчIван, вуго тIадго вакъвалев,
БичIчIана гьанже дида херлъиялъ асир гьави,
ХутIичIо дир гIумрудулъ щибниги ракI бохулеб,
Дица нахъ хутIулезе буго яшав гьабулеб.
Дир дунял дунгун буго, амма заман анагIан,
Дие гьелъ кьолеб канлъи дагьлъизе лъугьун буго,
Борчлъун лъугьараб херлъи кIигъуждузда тIадги лъун,
Лъалареб рахъалдехун восун уневги вуго
РакI буго гьанже цIорон, ана гьелъулъа хинлъи,
ГьечIо гьеб заманалъцин гьанже сахлъизабизе.
Я, БетIергьан, унгоги, гьаб гIумрудул халалъи,
Рохелалъул тIирицин гьелъулъ хутIичIеб мехалъ.
Амма гьедин ккеялда рази рукIине ккола,
ГьечIелъул гьаб гIумрудулъ щибго даим букIунеб.
Диде тIадеги къулун йигей дуца, медсестра,
Рагье берал, ялагье пикру гьабе дун вичIчIа:
Дуда цеве чIун вугев, мекълъарав херав гурев,
Дун - хирияв рос, эмен, гьединго, дун-кIудада!
Дун - жеги гьитIинав вас,гвангъараб бакъул канлъулъ,
Каруселалда рекIун, рикIкIаде воржун унев.
Вихьизе хIалбихье Дун, щиб лъалеб заман индал,
Дир ургъалилъ ккаралъуй дуда Мунго ятани!

## «ГIурччинал километрал» акциялда хурхун,..



Дагъистаналда, тIолабго Россиялдаго гIадин,цебего лъазабун букIана **«ГIурччинал километрал»** акция. Гьеб тIобитIиялъул мурадлъун ккола бакI-бакIазда гъутIби чIей.

ГъутIбузул бугеб пайдаялъул гьаниб бицине ккеларо, гьитIинаб къоялдаса, гъутIбузгун гIурччинлъиялъ ракьалда чIаголъи букIиналъе квербакъулеб букIиналъул нилъее бицуна.

Арал соназ, акциялда рекъон,нилъер районалда чIана гIезегIанго гъутIби ва гьеб жеги хIалтIулебги буго. Гьелъие нугIлъи гьабула марталъул ахиралда Дилим росдал администрациялъ ва гIолилаз, рехсараб акциялда рекъон, Шамиль имамасул цIаралда бугеб къотIноб I00 гъветI чIеялъ.

Узухъда, гьелдалъун гъутIби чIей ахиралде щоларо. Росдал администрация ва гIолилал гьелда тIад жеги хIалтIизе руго. Гьай-гьай, гъутIби чIей гIоларо, гьел цIуниялда тIадги хIалтIизе ккола. Гьеб рахъги гIолилазул бербалагьиялда гъоркь бук1ине буго. ГьабсагIаталда унеб гIадинаб хIалтIи хадусанги гьабуни,ракIчIола Дилим росдал **«гьумер»** тIубанго хисизе букIиналда.

**И.ИДРИСОВ.**

# ОМВДялъ лъазабулеб буго...

Г1адамазухъа ярагъ, гулла - хер ва кьвагьиялъе х1алт1изарулел материалал нахъе росулел руго гьаб таблицаялда рихьизарурал багьабазда рекъон.

| № | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена за 1 ед. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет, револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

# ЦIуне рохь цIаялдаса

Ихдалгун риидал рохьазда цIаккеялъул хIужаби цIакъ цIикIкIуна. Пемерисел гьел ккола г1ададамазул гIайибалдалъун. Рохьоре аралъуб гIемераз цIа бакула ва гьелда хадуб хал кколаро. Гьединго, бакъвараб хер, ришни-къул бухIизеги бакула гьеб ва гьелдалъун рохьалда цIаги рекIуна. Рохьоб цIа бакиялъул руго жиндирго къагIидаби, гьел цIуничIони, балагьалде ккезе бегьула.

ТIоцебесеб иргаялда цIа бакиялъе бакI бищизе ккола. Гьелда аск1об цIа рекIунеб щибниги тезеги бегьуларо, лъикIаб букIина аск1об лъим чIезабуни. Цебе ккаралъуб сигарета бухIизеги бегьуларо,бухIулеб бугони, гьелъул рохьо ва хутIел мухIканго ссвинаризе ккола. **«Бакъвараб»** ва гьури бахъараб заманалда цIаккеял цIакъго цIикIкIине рес буго. Гьединаб заманалда цIадул **«цIва»** рикIкIаде боржине ва, гьелъул хIасилалда, цIа ккезе бегьула. Рохьал цIаялдаса цIунизе ккани, нилъер хьвада-чIвадиялъулъ букIине ккола гIадлу-низам.

**ЦIаккеялда хIинкъи бугеб заманалда:**

- «рагьараб» цIа хIалтIизабуге;
- бакъвараб хер, тIамах ва гь.ц. бухIуге;
- рохьоб, цIакъго хIажалъи ккани ва цIа баккиялъул къагIидаби цIунун гурони, цIа бакуге.
- накIкIил гIисинаб рохь бугелъуб цIа бакуге;
- хIалхьи гьабураб бакIалда бигьаго цIа рекIине бегьулебщинаб тоге, бухIараб сигареталъул хутIел цебе ккаралъубе рехуге, гъурараб матIу рахъ-рахъалда тоге (лупаялъ кинниги, гьелъ цIа ккезабизе бегьула);

**НагагьлIъун цIа ккани:**

- гьеб «къуваталде» ине биччаге;
- нужедаго свинабизе кIолеб гьечIони, хехгьабун, кумек хIе (МЧС, рохьал цIунулел, полиция ва гь.ц.).
- нужго рухIиялдаса ва кIкIуялъ гьанкъиялдаса цIуниялъе тадбирал гьаре (партал биччизабе, гьурмада биччараб материал чIвай, цIаялдаса рикIкIалъизе гIамал гьабе, лъел мухъ ккве, гIодоре кьулун рекере, цIа щолелъурехун унге ва гь.ц.).

ЦIа рекIараб бакIалде тIаде ккани, гьеб тIобитIунгутIиялде т1ад бажарараб хIалтIи гьабе.

**Лъан букIа, малъияз, цIа ккеялдаса цIуниялъул къаг1идабаз гIадин, нилъ цIаялдаса цIунулареблъи!**

**Отдел НД и ПР №10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД.**

# ЦI1одорлъи гьабе!

Ахирияб заманалда Россиялда цIикIкIунел руго телефоналдасан ва Интернеталдасан хIиллабиги гьарун,гIадамал гIарцудаса махIрум гьариялъул хIужаби.




Банкалъул хIалтIухъаби хIисабалда, хIиллачагIи кIалъалел руго гIадамазде. Цо кинаб букIаниги гIиллаги бачун ( хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул системаялда кинаб букIаниги гьалатI ккун, нужер карточкаялда бугеб гIарац бахъизе батIиял гIадамаз хIалбихьи гьабун ва гь.ц.),гьез абулеб буго карта къан бугин.

Гьеб хIалтIизе биччазе ккани, жинде бицейин гьелъул номер, хIинкъигьечIолъиялъул код, хIалтIизабизе бихьизабураб заман ва гь.ц.). Гьел нужеца рицун хадуб, хIиллачагIаз нужер гIарцуда кверщел гьабулебги буго.

Лъан букIа, цониги банкалъ,нужго парпортги босун инчIони, кинаб бук1аниги **«операция»** гьабулареблъи. Карточкаялда **«бухьараблъун»** нужер телефон бугони, хIиллачагIазда кIола нужеда хурхараб кинабниги информация лъазабизе. Нагагьлъун щив вукIаниги, карточкаялда хурхун, нужеде кIалъани, гьесулгун хабар бицунге, кIвахIаллъичIого, банкалде кIалъай яги нужго тIаде щва.

ХIиллачагIазда нилъее рекIкI гьабизе кIола нилъеца щиб букIаниги бичулеб, арендаялъе кьолеб, кредит босулеб бугониги. ХIилла-рекIкI гьаби цIакъго цикIкIараб буго **«Авито»** сайталдаги. Ричулел машинаби учузго кьолел рукIиналъ гьелде гьоркьоре гIемерал гIадамал лъугьунел руго,амма гьел гьенир гуккулелги руго.

Лъазабиязул, интернет-тукабазул сайтазулгун бухьен гьабулелги гуккулел руго. Руго хIужаби, нужер гIагарав чи авариялде, тунка-хIусиялде ва гь.ц. гьоркьове канин ва гьесие кумекалъе, гьев полициялдаса къватIиве вахъизе гIарац хIажат бугин кIалъаязул.

Цо-цояз, кIалъараз абулелъубе битIулеб ва рач1арахъе кьолеб буго гьез бихьизабураб гIарцул къадар. Кинабго лъугIун хадуб гьезда бичIчIунеб буго жалго гуккараблъи.

Кинаб букIаниги гьари, лъазаби ва гь.ц. нужехъе бачIани, мухIканлъи цIехечIого, щибниги гьабуге ва бицунге!

Пага-гIунтIараздасан, лъай-хъвай бугездасан, полициялъул,банкалъул хIалтIухъабаздасан лъазабе х1акъикъат.

Кинаб букIаниги щаклъи кколеб номералдасан нужехъе кIалъалел ругони, жаваб кьоге.

**Районалъул ОМВДялъул ЦКС.**

# Прокурор разъясняет...

**При списании денежных средств со счета, необходимо выяснить на основании какого исполнительного документа производится списание**

Сведения об имеющихся в отношении гражданина исполнительных документах можно получить на сайте fssprus.ru (вкладка «сервисы») либо получить соответствующую информацию в банке.

Наиболее распространенным основанием списания денежных средств является судебный приказ.

Гражданским процессуальным кодексом РФ предусмотрена возможность взыскать долг, не превышающий 500 тысяч рублей, по требованиям, предусмотренным статьей 122 ГПК РФ, без проведения полноценного судебного разбирательства. Зачастую судебные приказы выносится в отсутствие должников и граждане могут не знать о том, что с них была взыскана задолженность.

Чтобы отменить судебный приказ должнику достаточно в 10-дневный срок с момента его вынесения, в письменном виде подать судье, вынесшему приказ, возражения относительно его исполнения.

При пропуске указанного срока он может быть восстановлен судьёй при наличии уважительной причины. Например, в случае неполучения копии судебного приказа, направленной должнику, либо в связи с невозможностью обжаловать приказ в силу нахождения на стационарном лечении. В данном случае одновременно с подачей возражения в суд, необходимо подать и заявление о восстановлении срока обжалования.

После отмены судебного приказа, в случае если по нему уже произошло списание средств, гражданин вправе в порядке статьи 443 ГПК РФ подать заявление о повороте исполнения решения суда. Поворот исполнения решения суда предполагает возврат удержанных по этому решению денежных средств.

## ТIолгороссиялъул переписалда хурхун..

Гьаб соналъул октябралда Россиялда тIобитIизе бугеб гIадамазул перепись 2021 соналде рехизе бегьулин абулеб буго Росстаталъе нухмалъулев Павел Малковас.

Лъалеб букIахъе, киса-кибего гуреб цого заманалда гьеб байбихьулеб. РикIкIадал ва щвезе захIматал бакIазда перепись цудунго байбихьула. (Гьаб соналъ гьединал бакIазда гьеб апрелалда байбихьизе букIана) Коронавирусалъул эпидемия баккиялъул хIасилалда, перепись байбихьиялъул ва тIобитIиялъул заман хисизе бегьула.

Гьеб заман бихьизабизе буго Россиялъул ХIукуматалъ.

**Районалъул статотдел.**

Районалъул культураялъул отделалъул х1алт1ухъабаз,гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Зайнап Х1апизовалда ва т1олабго г1агарлъиялда-яц

**Таибат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьелъие.

---

Зайнап Х1апизовалъ нухмалъи гьабулеб кружокалда г1ахьаллъулел лъималазул умумуз зигара балеб буго гьелда ва т1олабго г1агарлъиялда- яц

**Таибат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьей Аллагьас Алжаналъул агьлулъун гьаеги.

---

Районалъул интеллигенциялъ зигара балеб буго Зубайнат Х1ажиевалда ва т1олабго г1агарлъиялда- вац

**Ракъип**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

---

Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Манарша Мух1амадовалда эбел-

**Сайгибат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьей иманалда т1ойит1ун ятаги.

*Бетlерай редактор:*
*Джамиля ГIабдулахIитова*
*55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*